

Si w enkyè oswa ou santi w malad

Mwen gen sentòm ke, mwen panse, yo ta ka COVID-19. Èske mwen bezwen yon tès?

Si w gen sentòm, ou ta dwe fè yon tès COVID. Tès antijèn lakay se mwayen ki pi pratik pou teste pou COVID-19.

Li plis enfòmasyon sou tès COVID-19

Èske mwen ta dwe izole?

Si w teste pozitif pou COVID-19, ou ta dwe izole. Gade [sitwèb CDC a](#) pou plis enfòmasyon sou kilè pou izole ak pou konbyen tan.

Mwen teste pozitif. Mwen pa gen gwo risk pou yon maladi grav. Mwen enkyè konsènan sentòm mwen yo. Kisa mwen dwe fè?

Sentòm lejè - Rete Lakay epi [izole](#)

Sentòm lejè yo se yon tanperati ki pi ba pase 100 degre (pi ba pase 102.4 degre pou timoun ki gen plis pase 3 mwa), kò fè mal, oswa yon ti tous. Si ou gen sentòm sa yo, rete lakay epi [izole](#). Repoze w, bwè anpil likid, epi kontwole sentòm ou yo. Nou swete ke w ap kòmanse santi w pi byen nan kèk jou. Ou pa bezwen kontakte doktè ou pou fè l konnen ou gen COVID.

Sentòm Modere – Rele biwo Swen Prensipal ou a

Si ou gen sentòm modere tankou yon lafyèv ki pi wo pase 100.4 degre, anpil tous, oswa souf kout, kontakte biwo founisè swen prensipal ou a.

Pou timoun ki gen laj 3 mwa oswa plis ki pa iminokonpwomi, yon gwo lafyèv pi wo pase 102.4 degre. Si pitit ou a gen lafyèv, anpil tous oswa souf kout, ou ta dwe rele biwo founisè swen prensipal li tou. Ou ta dwe rele tou si yo gem dòmi plis, si yo pa te ale nan twalèt la depi plis pase 10 èdtan (si yo gen 3 zan oswa plis) oswa plis pase 8 èdtan (si yo pi piti pase 3 zan). Doktè pitit ou a ka rekòmande pwochen etap yo.

Si ou pa gen yon founisè swen prensipal oswa ou gen sentòm ki bezwen atansyon imedya, eseye opsyon Swen ljan nou yo:

1. Pran yon randevou ak [Mass General Brigham Virtual Urgent Care](#)

Mass General Brigham ofri sèvis swen ijans vityèl ki pratik ak bon jan kalite si w se yon pasyan ki etabli nan Mass General Brigham nan Massachusetts. Si w gen enkyetid konsènan COVID-19 oswa sentòm ki sanble ak COVID, ou ka konekte vityèlman epi an tout sekirite ak yon founisè sante. Tanpri sonje: Swen ljan Vityèl se sèlman pou pasyan ki gen laj 3 zan oswa plis.

2. Vizite youn nan [sant Swen ljan an pèsòn](#) nou yo

Sentòm Grav - Ijans

Ale nan Depatman Ijans si ou gen sentòm grav tankou:

- Gwo pwoblèm pou respire
- Doulè pèsistan oswa presyon nan pwatrin lan
- Nouvo konfizyon oswa tèt vire
- Ou pa kapab reveye oswa rete je klè
- Lèv yo, anba zong yo, oswa po a ka yon koulè pal, gri, oswa ble, tou depann de ten po a.

Si w pa ka ale nan depatman ijans lan, rele 9-1-1.

Mwen te teste pozitif epi mwen gen gwo risk pou maladi grav. Mwen enkyè konsènan sentòm mwen yo. Kisa mwen ta dwe fè?

- Si w gen [gwo risk](#), alò ou ta dwe swa kontakte biwo doktè w pou ranseye w sou tretman COVID-19 oswa itilize [randevou telesante gratis](#) ki disponib atravè Depatman Sante Piblik Massachusetts. Randevou yo disponib ant 8 am ak 10 pm.
- Si w ap viv nan yon lòt eta, ki enkli New Hampshire, ou ka [itilize lokalizatè nasyonal pou terapeti](#) pou jwenn kote.

Mizajou 5 jen 2023

